

1 Yo pa dwe fè ou peye yon ko-peman pou sèvis telesante mantal andedan rezo

Pandan kriz COVID-19 lan, asirans ou pa kapab fè ou peye yon ko-peman (ni ko-asirans oswa dediktib anyèl) pou sèvis medikal telesante ou andedan rezo a ki kouvri nan kontra asirans ou, epi sèvis sante mantal yo ladan tou. Yo ka fè ou peye yon ko-peman si ou resevwa sèvis sa yo fas a fas. Aprann plis sou lwa dijans New York sa a sou entènèt [la a](#).

2 Yo pa dwe fè travayè esansyèl yo peye yon ko-peman pou okenn sèvis sante mantal andedan rezo, kit se fas a fas oswa pa mwayen telesante

Pandan kriz COVID-19 lan, si ou se yon travayè swen sante, premye entèvenan, oswa anplwaye esansyèl, ou kapab itilize sèvis sante mantal pasyan ekstèn andedan rezo ki kouvri nan asirans ou san ou pa gen pou peye yon ko-peman (ni ko-asirans oswa dediktib anyèl), kit ou itilize yo fas a fas oswa pa mwayen telesante. Ou kalifye si ou te nan youn nan pozisyon sa yo nan dat 7 mas 2020 oswa apre. Seri pòs yo anpil, epi ou gendwa ladan. Genyen sou entènèt lis konplè pòs ki kalifye yo, ak lwa dijans New York lan [la a](#).

3 Founisè sante mantal yo ka sèvi kliyan pa mwayen aplikasyon videyo kouran yo

Pandan kriz COVID-19 lan, règleman federal ak règleman Eta yo te anile, konsa founisè sante mantal yo ka sèvi pasyan yo avèk itilizasyon aplikasyon videyo kouran yo tankou FaceTime, Facebook Messenger, WhatsApp, WeChat oswa Zoom, sa ki fè li pi fasil pou founisè yo sèvi kliyan yo kèlkeswa kote yo ye pandan ijans sante piblik sa a. Founisè yo pa bezwen itilize lojisyèl ki konfòm ak HIPAA; men, yo pa ka itilize lojisyèl ki aksesib pou piblik la tankou Facebook Live, Instagram Live, oswa TikTok. Ou ka jwenn avi gouvènman federal la sou entènèt [la a](#).

4 Ou ka konsève kouvèti asirans ou jiska 1 jen 2020, menm si ou gen pwoblèm pou peye prim ou yo

Si ou rankontre difikilte finansye akòz pandemi an, konpayi asirans ou dwe ba ou jiska 1 jen 2020 11:59 PM pou ou peye prim ou yo. Asirans ou pa ka retire ou, epi li dwe peye nenpòt reklamasyon valab pandan peryòd sa a. Kòm prèv difikilte, konpayi asirans ou dwe aksepte deklarasyon alekri ou bay ki endike difikilte finansye ou genyen akòz pandemi an. Ou ka jwenn lwa dijans New York la sou entènèt [la a](#).

5 Ou ka gen aksè nan Konje Familyal Peye pou pran swen manm fanmi ou ki gen pwoblèm sante mantal grav

Pandan kriz COVID-19 lan, Nouyòkè yo ka kontinye pran Konje Familyal Peye pou yo pran swen yon manm fanmi pwòch yo ki gen yon pwoblèm sante grav. Sa gen ladan pwoblèm sante mantal, tankou eskizofreni, twoub bipolè, oswa twoub estrès aprè twomatis (Post-Traumatic Stress Disorder, PTSD). An 2020, Nouyòkè yo kapab kalifye pou jiska 10 semèn konje peye, epi règleman an aplike pou pifò moun k ap travay pou patwon prive, ak pou pifò moun k ap travay nan leta oswa pou sendika yo. Aprann plis sou fason pou jwenn aksè nan avantaj Konje Familyal Peye Eta New York [la a](#).

*** Bonis: ou gendwa anmezi pou konsève sèvis telefòn mobil ou, menm si ou gen pwoblèm pou peye**

Angajman odepa a dire jiska 12 me, men gen kèk konpayi, tankou Verizon, T-Mobile/Sprint, ak AT&T, ki te aksepte pwolonje li jiska 30 jen. Sèten konpayi ka mande pou ou kontakte sipò kliyan pou ou itilize sa a; ou ka oblije kontakte yo ankò apre 13 me pou ekstansyon mwa jen an. Aprann plis sou angajman an, ak konpayi ki patisipe yo, [la a](#).

Plan asirans ou ka petèt ba ou plis avantaj pandan kriz sa a pase sa lwa dijans yo egzije. Ou dwe tcheke konpayi asirans ou pou jwenn enfòmasyon ajou sou egzanpsyon pou ko-peman oswa pataj frè pandan eta dijans sa a.